ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ТЫПСЫ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№68 (23.726) ● 2018 гъэм накъыгъэм (майм) и 31, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я къызэрэпэщыкIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м къыдигъэкIа Указ №199-УГ-мкIэ къыщтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и лIыкIуэ (законхэр къыдэзыгъэкI, гъэзэщIакIуэ органхэр къызэгъэпэщыныкIэ псоми я зэхуэдэ хабзэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 17-нэ статьям и пункт 4-м, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ягъэ нтIкIэ **унафэ сощI**:

1. Я къызэрэпэщыкIэр хэзгъэкIуэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ, гъэзу хозяйствэмкIэ и министерствэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ гъэзу хозяйствэмкIэ и министерствэм;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетыр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмкIэ, псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъныныкIэ и къэрал комитетыр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмкIэ, псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъныныкIэ и министерствэм;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министерствэм.

2. Зэреджэр зэхъуэкIын:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Цыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэу;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛажьыгъэмкIэ, цыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщныныкIэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лажьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэу.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм бгъэдэлъхьэн псэупIэм ехьэлIа политикэм, коммунальнэ кIэрыхубжьэрыхуэр зэрызэрахьэри хиубыдэу - псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм ехьэлIа къэрал политикэр убзыхуныкъэ пхыгъэкIныныкIэ, а IэнатIэм щызекIуэ хабзэ мардэхэр гъэтэмэныныкIэ къалэнхэр.

4. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я къызэрэпэщыкIэм и IуэхукIэ» 2014 гъэм жэпуэрыуэм и 11-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Указ №199-УГ-мрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я зэхэлъыкIэу а Указ дыдэмкIэ къащтамрэ мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Указым и пункт 3-м хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и куэдзэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ и министрым» псалъэхэр зэхъуэкIын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и куэдзэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьныгъэмкIэ и министрым» жиIэу;

б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я зэхэлъыкIэм:

пункт 2-м:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэ» псалъэхэр зэхъуэкIын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Цыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэ» жиIэу;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ, гъэзу хозяйствэмкIэ и министерствэ» псалъэхэр зэхъуэкIын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ гъэзу хозяйствэмкIэ и министерствэ» жиIэу;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛажьыгъэмкIэ, цыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщныныкIэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэ» псалъэхэр зэхъуэкIын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лажьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэ» жиIэу;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министерствэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмкIэ, псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъныныкIэ и къэрал комитет», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэ» псалъэхэр хэгъэкIын.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэуэвын:

зэхъуэкIыныгъэ Iуэхухэр мы Указым къызэригъэувым хуэдэу иригъэкIуэкIыну;

езым и актхэр мы Указым иригъэзэгъэжыну.

6. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 29-м
№64-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ, иджыпсту иIыгъ къулыкъур щхьэщыхауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и куэдзэу гъэувын **Мовсисян Грант Олег и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 29-м
№65-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ, иджыпсту игъэзащIэ къулыкъур щхьэщыхауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и куэдзэу - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьныгъэмкIэ и министрым и куэдзэу гъэувын **Бэлэтокъуэ Владимир Хьэмац и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 29-м
№66-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкIэ, тарифхэмкIэ, псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъныныкIэ и министрым и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету, иджыпсту игъэзащIэ къулыкъур щхьэщыхауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкIэ, тарифхэмкIэ, псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъныныкIэ и министру гъэувын **Безниковэ Иринэ Сергей и пхъур**.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 29-м
№67-УГ

Тюбеев А. И. и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ, цыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщныныкIэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и кулыкъур щхьэщыхьэн Тюбеев Альберт Исхьэкъ и къуэм.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 29-м
№68-УГ

Гуэбэшы З. А. и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министрым и кулыкъур щхьэщыхьэн Гуэбэшы Залымджэрий Iэбубэ и къуэм.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 29-м
№69-УГ

Къудей А. М. и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и унафэщым и кулыкъур щхьэщыхьэн Къудей Арсен Мухьэмэд и къуэм.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 29-м
№70-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрым и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министру гъэувын **Хьэсанэ Ислъам Марат и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 29-м
№71-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министрым и къалэнхэр игъэзащIэну гъэувын **Ахубеков Щамил Аслъэнбий и къуэр*.**

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 29-м
№72-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ гъэузу хозяйствэмкIэ и министрым и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету, иджыпсту игъэзащIэ къалэныр щхьэщыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ гъэузу хозяйствэмкIэ и министру гъэувын **Къуныжь Вячеслав Хьэждал и къуэр*.**

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 29-м
№73-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету, иджыпсту игъэзащIэ къулыкъур щхьэщыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныгъэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министру гъэувын **КIурашын Анзор Владимир и къуэр*.**

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 29-м
№74-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министру гъэувын **Асанов Алим Урысбий и къуэр*.**

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 29-м
№75-УГ

Шэджэм районым хыхьэ Шэджэм къалэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Шэджэм районым щыщ Шэджэм къалэм псэущхьэм хьэщхьэрыIуэ уз къеуэлIауэ къызэрыщагъуэтам кхыхьэкIыу, «Ветеринарием и IуэхукIэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям ипкъ иткIэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм и унафэщым 2018 гъэм накъыгъэм и 24-м №38/02-568-м щIэту къигъэхьа тхыгъэм тету, хьэщхьэрыIуэ узыр гъэкIуэдын мурадкIэ:

1. Шэджэм районым хыхьэ Шэджэм къалэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэу Лениным и урамым, КIарэхэ я уэрамдэкIым, Вэрокъуэ Хъ.ПI. и урамым, Терешковэ и цIэр зезыхьэ уэрамдэкIым я къуэхьым къривыдэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) махуэ 60 пIалъэкIэ щыгъэувын.

2. Карантиныр щыщIыбэ зэманым мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щIыналъэм Iэщыр щагъэхъуэкIуэну, хьэхэмрэ джэдухэмрэ хуиту къыщакIуэхьыну, апхуэдэу унагъуэ псэущхьэхэмкIэ сату щащIыну хуиткъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм хуэгъэувын хьэщхьэрыIуэ узыр гъэкIуэдыным хуэгъэза Iуэхухэр Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм щIыгъуу зэхилъхьэу игъэзащIэну.

4. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 28-м
№41-РГ

● КъБР-м и Правительствэм

Я зэфIэкIхэм арэзы къащI

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий хэту, накъыгъэм и 29-м КъБР-м и Правительствэм щекIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ бюджетым щымыщ фондхэм я лэжьыгъэр щIыналъэм къызэрыщызэгъэпэщам. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Къэрал Думэм Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщI Нилов Ярослав.

ЗэIущIэм хэтащ икIи къыщыпсэлъащ УФ-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Черкасов Алексей**, УФ-м и Пенсэ фондым и правленэм и унафэщым и къуэдзэ **Иванов Алексей**, УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым страховой ахъшэхэр къызэгъэпэщыныкIэ и департаментым и Iэтащхьэ **Лотоцкая Татьянэ**, а Iуэхущ1апIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэ хуадамэн и унафэщI **Устэ Джульеттэ**, КъБР-м и Пенсэ фондым и унафэщI **Бакъ Николай**, КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэныкIэ и комитетым и унафэщI **Къэжэр Хъусен**, Урысейм и Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм КъБР-м щIэ къудамэм и тхьэмадэ **Бэрсэдж Юрий**, Зи нэм фIыуэ имыльагъуэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI **Шэрджэс Ларисэ**, Ныкъуэдыкъуэхэм защIэзыгъакъуэ «Возрождение» Iуэхущ1апIэм и унафэщI **Гуппоев Тимур**, Прохладнэ къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Клешня Ларисэ** сымэ.

КъБР-м и Iэтащхьэм къыхиутыжащ къэрал унафэщIхэм къалэта Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэу къызэрилъытэр, сыту жыпIэмкIэ УФ-м и Президент Путин Владимир щIэуэ къыдигъэкIа «накъыгъэ» унафэхэм нэхъыщхьэу къыщигъэлъэгъуахэм ящыщу цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымрэ унагъуэхэр зыхуэи ягъуэту гъэпсэунымрэ, абыхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ зэрыратым зегъэужьныныр къызэрызэрагъэпэщыпхъэр.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм зэрызащIэдгъакъуэ Iэмалхэм зэпымыуэ долажь. Псом хуэмыдэу ди нэIэ тедгъэтщ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм, жьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ, сабий зеиншэхэм дазэрыдэIэпыкъуныным, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий. - Къэбгъэпъагъуэмэ, цIыху мин 245-м социальнэ дэIэпыкъуныгъэ зэмылIэужьыгъуэу 50-м щIигъукIэ далъоIэс. Абы и ныкъуэр республикэ бюджетым къыхэкI ахъшэкIэ догъэзащIэ. КъБР-м социальнэ хъумэныныкIэ къэрал Iуэхущ1апIэ 22-рэ щолажьэ, илъэс хэсэ абыхэм цIыху мин 47-м щигъуэм Iуэхутхьабзэхэр хуащIэ. Иужьрей илъэсищыр къапщтэмэ, республикэм зи гъэсагъ щIыналъэм сэкъат иIэхэм ящыщу лэжьыгъэ Iэнатlэ едгъэгъуэтащ цIыху миным щIигъуэм. Зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм я егъаджэныгъэ Iуэхур къызэзыгъэпэщ базэ дыхуэуэфащ, псалъэм папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым нэгъабэ субсидиеу сом мелуани 3,4-рэ еттащ а Iуэхухэр иригъэфIэкIуэну. Къэбгъэлъагъуэмэ, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэр щрагъаджэ Iуэхущ1апIэхэр процент 33,3-рэ мэхъу.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Брифинг

Iэмал гъуэзэджэ



КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэрэ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым и Iэтащхьэ Нилов Ярославрэ зыхэта брифинг «стIол хъурейм» нужькIэ щыIащ. Аxэр тепсэлъыхьащ Урысейм и хабзэгъэуэв Iэнатlэм и комитетым ди щIыпIэм щригъэкIуэкIа зэIущIэм къыриIуахэм.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ**:

- Псом япэрауэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий къызэрыкиГъэбелджылыкIар «стIол хъурейм» къыщаIэта Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр.

Иджыпсту щытыкIэр мытыншми, мыхьэнэшхуэ иIэщ нэхъ тIасхъэу щыт цIыху гупхэм щхьэхуэу къащхьэщыжьынымк. Парламентархэм къытIэрыхьэ зыхуэгъэзэзэныгъэхэм социальнэ Iэнатlэм ехьэлIахэр йобзкI. Абыхэм кхахощхьэхукI ди цIыхухэр пенсэкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр. ЩIэх-щIэхьыуэ зыкъытхуагъаз страховой пенсэр кьрагъэбжьыкыну, и пIалъэр къэмысу жьыгъэкIэ пенсэм ягъэкIуэну, пенсэр ягъэуэвын папщIэ лэжьыгъэ стажыр кьалытэну икIи абы щыхьэт техъуэну, унагъуэр зыгъашхэр зэрафIэкIуэдам папщIэ пенсэ хуагъэувыну щIэлъэIуу. Абыхэм яхэтщ санаторэ-курорт къызэгъэпэщныгъэм, узыншагъэр зэрIэгъэуэвырам. Аплхуэдэ зыхуэгъэзэзэныгъэхэм дэ дахоплъэ Пенсэ фондымрэ Социальнэ страхованэмкIэ фондымрэ я щIыналъэ къудамэхэм ядэщIыгъуу.

Дэ хуабжьу гуапэ тщыхъуащ мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр зэфIэхыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лэжьакIэр, бюджетым хэмыхьэ фондхэм я зэфIэкIыр фIыуэ къызэрыхэплъар адэкIи сэбэп хъуну дыщогугъ ди зэхуэдэ лэжьыгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ икIи, дауи, дыхуейт ди хабзэгъэув жэрдэмхэр тхыгъэкIныныкIэ, щIыпIэ структурэхэм къищынэмыщIауэ, Къэрал Думэм зыхуэфащ и комитетми нэхъ кууэ дыдэлэжьну.

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым и Iэтащхьэ **Нилов Ярослав**:

- Мыпхуэдэ зэIущIэхэм Iэмал къыдат хабзэхэр къызэрагъэсэбэп щIыкIэм пыщIа ныкъуэныгъэхэр къыщIэгъэщынымкIэ икIи Москва дыкIуэжауэ Къэрал Думэм дыкъыщыпсалъэкIэ, щIыпIэхэм я зэфIэкIымрэ наIуэ хъуа лъэпощхьэпохэмрэ ди тегъэщIапIэу къулыкъущIэхэм депсэлъэфын, зыхуеину унафэхэр зэпэшачуэ къэтщтэфын папщIэ.

Сэ фIы куэд Къэбэрдей-Балъкъэрым щыслъэгъуащ. Хуабжьу сфIэхьэлэмэтащ зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэм хуащI гулъытэм и инагъыр, реабилитацэмкIэ программэхэр зэрагъэзащIэр, социальнэ унэтIыныгъэ зиIэ унэхэр къызэрызэрагъэпэщащ. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и заведуащ интерапие къыщагъэсэбэп щIыналъэу иджыри къэс дызрихьэлIар. Хуабжьу си гуапэщ щIыпIэ щхьэхуэхэм щыщу къыхэжаныкIа сабийхэм Iэмал зэрагъэкIалащхьэм къэпхъуэну, щыпсэуну, я зэфIэкIхэм хагъэхъуэну. А Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ зэралым и щIэныгъэ тэтIыльыльэгъу иужькIэ хъунущ.

Псом ящыхьэращи, Къэбэрдей-Балъкъэрыр - ар щэнхабзэ, тхыдэ, хабзэ хьэлэмэт зиIэ республикэщ. Дэ Iэмал гъуэзэджэ кьыдатащ икIи ди щхьэкIэ зыхэтщIащ «Кавказ Ищхъэрэ республикэр» зищIысыр, абы и псэукIэр. Фи фIэщ зэрыхъун, мыбы ущымыIамэ, СМИ-м къат хъыбархэмрэ интернетым ятххэмрэ уи щхьэм мыхъумыщIагъэ куэд къралъхьэ, адэкIэ укIуэтэным зэран хуэхъуну.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Я зэфIэкIхэм арэзы къащI

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нап.)

КЪБР-м и Iэтащхьэм хьэщIэхэр щигъэгъозагъ республикам и демографие щытыкIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм. Апхуэдэу унагъуэшхуэхэм, сабиитху е нэхъыбэ зиIэхэм, я псэукIэр зэгъэзэпщ иращIыну сом мин 250-рэ хьу дэIэпыкъуныгъэ ират. А IэмалымкIэ я псэукIэр мы зэманым ирагъэфIэкIуэну хунэсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис унагъуэ 735-м. КIуэкIуэ Юрий жиIащ бюджетым щымыщ фондхэм я дэIепыкъуныгъэ зэпымыууэ щыналъэм зэрызэхищIэри. 2017 гъэм УФ-м социальнэ страхованэмкIэ и федеральнэ фондым лэжьыгъэм фэбжь хэзыхахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ я узынишагъэр зэрыграгъэфIакIуэ техникэ IэмалхэмкIэ къызэрагъэпэщыным сом мелуани 147-рэ хухихащ.

Нилов Ярослав республикэ унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ ныкъэзрыграгъэлIагъэм, я Iэхущ Iафэхэм зэрыщагъэгъуэзам папщIэ. «Мыпхуэдэ гъэугъанхэм нэрылъагъу къащI щIыхуэхэм хуащIэ Iэзэхутхьэбзэкэр зыхуэдэр. Гу зэрылъитащи, икъукIэ гулъытэшхуэ мы щIыналъэм щрат зи узынишагъэм сэкъат иIэхэм. Зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым ветеранхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ сыт и лъэныкъуэкIи дэIепыкъуныгъэ я нгъуэтым зэрыхуейр. Къэбэрдей-Балъкъэрым а Iэзэхуэр зэрыщIэзэтеублар адрей щIыналъэхэм щапхъэ яхуэпщI хьуну къызолъытэ», - кIыхигъэщащНиловым.

КЪБР-м и Iэтащхьэм къызэхуэсахэр щигъэгъозагъ КЪБР-м и Правительствэм и дачэр «Лэгъупыкъу» зыгъэпсэхупIэм, ДЦП зиIэ сабийхэм я узынишагъэр щрагъэфIэкIуэн хуэдэу, зэрыратымкIэ унафэ къызэращтар.

УФ-м и Къэрал Думэм ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и фIыщIэ тхьылъэр хуагъэфэщащ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ Iэхуэщ Iапх эм, ветеран, жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм я унафэщI зыбжанэм. Спортсмен цIэрыIуэхэу Джэду Iэниуаррэ Джэданэ Залымрэ ирагащ «Динамо» урысейпсо спорт зэгухэсыным я медалхэр.

ЗэIущIэ нэужьым КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэрэ** УФ-м и Къэрал Думэм ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщI Нилов Ярослав. - Ныкъуэдыкъуэхэм защIэгъэкъуэным теухуауэ ди къэралым щылажьэ «Доступная среда» программэр гъэзэщIэным мылъкушхуэ хухах. АрщхьэкIэ абыи емылытагъуэ икъукIэ Iэхуэгъуэ куэдым ди Iэр лъэмыIэсу кьонэ. Мы Iэхуэм гущIыIагъ хэлъ хьунукъым. Зи узынишагъэм сэкъат иIэ цIыхум хамэу зыбкъимылъытэу хуиту цIыхубэм яхьыхьэфи щхьэкIэ тхъэзфIэкIыр длэжьын хуейщ. Ар мыхьэнэшхуэ зиIэщ.

Ниловым «Лэгъупыкъум» и IэщагъэлIэхэм фIыщIэ яхуищIащ, я гуи я пси халъхьэу сабийхэм я зэманыр зэрытрагъэкIуадэм, дэIепыкъуныгъэ хуэныкъуэ цIыкIуэхэм зэракIэлъыплъым папщIэ. УФ-м и Къэрал Думэм ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и цIэр зезыхьэ зыгъэпсэхупIэм епхуэдэ лэжьэн щIэзыдза, гемодиализымкIэ «Нефролайн» центрым. Iэхуэщ Iапх эм и дохутыр нэхъыщхьэ Исхьакъ Люай хьэщIэхэм центрым защригъэплъыхьащ, зэрылажьэ Iэмэпсымэкэр, сымаджэхэм хуащIэ Iэхуэхтхьэбзэхэр яригъэлъэгъуащ.

КУРП Мэлычпхъэ.

● Мэкъуауэгъуэм и 1-р Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

Къэрал гулъытэм хохъуэ



Гъэмахуэм и яп махуэр сабийуэ дунейм тетым нэхъыфI дыдэу яльагъу. Абы и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ цIыкIуэхэм я зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм щыщIидзэмрэ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр щагъэлъапIэмрэ зэрызэтехуэр.

ЛЪЭПКЪ Зэкъуэтхэм я Зэгуэхэныгъэм (ООН-м) сабийхэр хъумэным теухуа унафэ щхьэхуэ къызэрищтэрэ илъэс 70-м нэсащ. Ар къыщыхъуар 1950 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-ращ. А махуэшхуэр убзыхунымкIэ япэу жэрдэм къыхэзыльхьар ЦIыхубзхэм я дунейпсо демократ федерацэращ. IэхуэгъуэщIэр диIыгъащ ООН-м икIи унафэ ищIащ сабийхэм я хуитныгъэхэр, я узынишагъэр, уеблэмэ я гъащIэр хъумэным гулъытэ хуащIын хуейуэ. Езы дунейпсо зэгухэныгъэми зэфIих лжьыгъэ псоми ящыщу сабийхэм ехьэлIахэр я нгъэщIапхъэу кьиулъытащ.

Илъэс къэс мэкъуауэгъуэм и 1-м дуней псом махуэшхуэр щагъэлъэпIэну унафэ хъащтами, сабийхэм я Iэхуэр хэпщIыкIыуefIэкIуэн папщIэ, ООН-м я япэщIыкIэ къищтащ Сабийм иIэ хуитныгъэхэмкIэ Декларацэ, иужькIэ, 1979 гъэм, Конвенцэ щхьэхуэ. Ахэр ди къэралым къыщилъытар илъэс 11 дэжьа нэужьщ. Нобэ а Iэнатlэр ди къэралым щэщIауэ щолажьэ. Сабийм и хуитныгъэхэмкIэ УФ-м и Президентым и уполномоченнэщ Кузнецовэ Аннэ.

Накъыгъэм и иужьрей мы махуэхэм Москва щызэхуэшэсащ сабий омбудсменхэм я XV съезд. Абы щытепсэлъыхьащ «Сабийгъэм и ильэсипщI» къэрал программэр гъащIэм хэпща зэрыхъу щыкIэхэм, сабий садхэм я Iэхуэтхьбзэхэм хэзыкIуэ псоми ар къэгъэсэбэпсфыну Iэмал етыным, курыт школхэм етIуанэ, ещанэ сменэхэр щыIухьным, щытыкIэ гугъу ихуа унагъуэхэм щапI сабийхэм, зи узынишагъэм сэкъат иIэхэм хэхаяу защIэгъэкъуэным, нэгъуэщIхэмкIэ.

Я псори къалъытэ УФ-м и унафэщIхэм икIи къэралыгъэ щIэблэм ехьэлIа Iэхуэгъуэхэр къэралмыхьэнэ зиIэ унэтIныныгъэ нэхъыщхьэ дыдэу щагъэуцу. Сабийгъуэм ди къэралым хуищI гулъытэм илъэс къэс хохьуэ. 2007 гъэ лъандэрэ Урысей Федерацэм и щIыналъэ псоми щолажьэ «Унагъуэ и мылъку» программэ хэхар. Анэхэм хухах мылъкур, сом мин 250-у къежьа дэIепыкъуныгъэу сабий етIуанэ (ещанэ...) зыгъуэт анэм иратыр, нэгъабэ лъандэрэ хуащ сом мин 453-м щIигъу. А ахъщэ трагъэкIуадэ псэупIэхэр егъэфIакIуэным, сабийхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным, анэхэм я лжьыгъэ пенсэм хуэзыхахьэс Iыхьэм. Шэч хэмылъу, программэр сэбэп хуащ къэралым сабий нэхъыбэ иужьрей илъэсхэм къыщалъхуныкIэ. КъинэмыщIауэ, ялъу бын зыгъуэтхэм къэралым социальнэ и лъэныкъуэкIэ мы гъэм къыщыщIидзауэ хэпщIыкIыу защIегъакъуэ. ЩыпэлъхъумкIэ щхьэгъусэ хуэныкъуэ щIыкIэ, сыт хуэдэ политикэ партым дыкъыбгъэдэкIми, ди къэралэн нэIэпыкъунгъэ къэсплъэтэр щIыналъэхэм щыIэ гугъуехьэр езым къэтхутэныщ, абыхэм я хэкIыпIэхэр зэгъуэсу къэдгъуэтыныщ, - жиIащ УФ-м и Къэрал Думэм ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщI Нилов Ярослав. - Ныкъуэдыкъуэхэм защIэгъэкъуэным теухуауэ ди къэралым щылажьэ «Доступная среда» программэр гъэзэщIэным мылъкушхуэ хухах. АрщхьэкIэ абыи емылытагъуэ икъукIэ Iэхуэгъуэ куэдым ди Iэр лъэмыIэсу кьонэ. Мы Iэхуэм гущIыIагъ хэлъ хьунукъым. Зи узынишагъэм сэкъат иIэ цIыхум хамэу зыбкъимылъытэу хуиту цIыхубэм яхьыхьэфи щхьэкIэ тхъэзфIэкIыр длэжьын хуейщ. Ар мыхьэнэшхуэ зиIэщ.

Ниловым «Лэгъупыкъум» и IэщагъэлIэхэм фIыщIэ яхуищIащ, я гуи я пси халъхьэу сабийхэм я зэманыр зэрытрагъэкIуадэм, дэIепыкъуныгъэ хуэныкъуэ цIыкIуэхэм зэракIэлъыплъым папщIэ. УФ-м и Къэрал Думэм ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и цIэр зезыхьэ зыгъэпсэхупIэм епхуэдэ лэжьэн щIэзыдза, гемодиализымкIэ «Нефролайн» центрым. Iэхуэщ Iапх эм и дохутыр нэхъыщхьэ Исхьакъ Люай хьэщIэхэм центрым защригъэплъыхьащ, зэрылажьэ Iэмэпсымэкэр, сымаджэхэм хуащIэ Iэхуэхтхьбзэхэр яригъэлъэгъуащ.

КУРП Мэлычпхъэ.

«ГущIыIагъ хэмылъу бгъэдыхьэпхъэщ»

УФ-м и Къэрал Думэм ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и лIыкIуэхэр накъыгъэм и 29-м щыIащ сабийхэм я узынишагъэр щрагъэфIакIуэ «Лэгъупыкъу» зыгъэпсэхупIэм.

УРЫСЕЙМ и хабзэгъэув Iэнатlэм и депутат **Марьяш Иринэ**, КЪБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, КЪБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узынишагъэр хъумэным кIэ и комитетым и унафэщI **Къэжэр Хъусен** сымэ я гъусэу, хьэщIэхэм Iэхуэщ Iапх эр къызэхаплъыхьащ, цIыху 200-м тещIыхьа шхапIэр, сабийхэм я узынишагъэм щыкIэлъыплъ, зыщагъэпсэху пэшхэр зыхуэдэр зрагъэщIащ.

«Лэгъупыкъу» центрым и унафэщI Ерыстау Лянэ хьэщIэхэм яжриащ гъатхэгьыхьэ лъэхъэнэм сабий 350-м нэблагъэм зыгъэпсэхупIэм зэрыщыкIэлъыплъыр, гъэмахуэм абыхэм я бжыгъэр 800-м зэрыхуэкIуэр. «Нобэ ди гуапэщ мыпхуэдэ хьэщIэ лъапIэхэр якIуэрытхуеблэгъар. Москва къалэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэр социальнэу хьунэныкIэ и департаментым етщIыпIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, ди щIыналъэм щыпсэухэм къищынэмыщIа, нэгъуэщI щIыпIэхэми къикIыну сабий миным нэблагъэ мы гъэм диIэну дыпоплъэ. Ди зыгъэпсэхупIэм ныбжьыщIэхэм Iэмал щаIэщ медицинэ Iэхуэтхьбзэ псори щагъэуэтыну. «Лэгъупыкъум» зи ныбжьыр илъэси 7-м къыщыщIэдзауэ 14-м нэсхэм дащыкIэпопль, зи узынишагъэм сэкъат иIэхэм зы цIыху и гъусэу щыIэну Iэмал ядот. Iэхуэщ Iапх эм псори зэхэту цIыху 300 щолажьэ», - къыхигъэщащ Ерыстаум.

ПсихотерапиемкIэ, кинезиотерапиемкIэ, физиотерапиемкIэ кабинетхэр лIыкIуэхэм щагурэлъэгъум, абы жиIащ я тренажёрхэр жьы зэрыхъуар, ауэ абыи емылытауэ щыкIуэхэм дэ - Iэпыкъунгъэ зэрыратыр. УнафэщIым дыщIигъуащ Iэхуэщ Iапх эм я классым къыщыщIидзауэ епщIанэм нэс ныбжьыщIэхэр щрагъаджэ школ илъэс псом зэрыщылажьэр.

- Ди комитетым хэтхэр махуитI хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щолажьэри, сызэреплъымкIэ, сыт хуэдэ политикэ партым дыкъыбгъэдэкIми, ди къалэн нэIэпыкъунгъэ къэсплъэтэр щIыналъэхэм щыIэ гугъуехьэр езым къэтхутэныщ, абыхэм я хэкIыпIэхэр зэгъуэсу къэдгъуэтыныщ, - жиIащ УФ-м и Къэрал Думэм ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщI Нилов Ярослав. - Ныкъуэдыкъуэхэм защIэгъэкъуэным теухуауэ ди къэралым щылажьэ «Доступная среда» программэр гъэзэщIэным мылъкушхуэ хухах. АрщхьэкIэ абыи емылытагъуэ икъукIэ Iэхуэгъуэ куэдым ди Iэр лъэмыIэсу кьонэ. Мы Iэхуэм гущIыIагъ хэлъ хьунукъым. Зи узынишагъэм сэкъат иIэ цIыхум хамэу зыбкъимылъытэу хуиту цIыхубэм яхьыхьэфи щхьэкIэ тхъэзфIэкIыр длэжьын хуейщ. Ар мыхьэнэшхуэ зиIэщ.

Ниловым «Лэгъупыкъум» и IэщагъэлIэхэм фIыщIэ яхуищIащ, я гуи я пси халъхьэу сабийхэм я зэманыр зэрытрагъэкIуадэм, дэIепыкъуныгъэ хуэныкъуэ цIыкIуэхэм зэракIэлъыплъым папщIэ. УФ-м и Къэрал Думэм ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и цIэр зезыхьэ зыгъэпсэхупIэм епхуэдэ лэжьэн щIэзыдза, гемодиализымкIэ «Нефролайн» центрым. Iэхуэщ Iапх эм и дохутыр нэхъыщхьэ Исхьакъ Люай хьэщIэхэм центрым защригъэплъыхьащ, зэрылажьэ Iэмэпсымэкэр, сымаджэхэм хуащIэ Iэхуэхтхьбзэхэр яригъэлъэгъуащ.

КУРП Мэлычпхъэ.

Мы къэхъуащ

Накъыгъэм и 31, махуэку

♦Тутын емыфэным и дунейпсо махуэщ

♦ЦIыхуэр зэхэгъэж щIыным пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ

♦Урысей адвокатурэм и махуэщ

♦Урысейм и МВД-м балигъ мыхъуахэм я IэхуэхэмкIэ и къудамэхэм я махуэщ

♦Къэзахъстаным ягу къыщагъэкIыж политикэ залымыгъэхэмрэ мэжащIалIагъэмрэ яхьахэр

♦Тыркумэным щагъэлъапIэ я алэрыбгъум и махуэр

♦1223 гъэм урысхэмрэ тэтэр-монголыдзэмрэ Калкэ псым деж щызэхэзыуащ.

♦1708 гъэм Царское Село жылэм (иджы ар Пушкин къалэрщ) и лъабжьэр ягъэтIылъащ.

♦1710 гъэм урыс азбукэщIэр, Пётр Езанэр зыхэлажьыхьыжар, Iэхуэщ Iапх эм псоми къыщагъэсэбэпын хуейуэ унафэ къащтащ.

♦1868 гъэм Париж и Iэгъуэблагъэм дунейм щыяпэу щекIуэкIащ лъакъуэрыгъажэкIэ къызэдзэжнымкIэ зэхьэзэхуэ.

♦1879 гъэм дунейм щыяпэу Берлин къащIэзэIуахащ электрокъаруклэ лажьэ мафIэгухэр зрикIуэну гъущI гъэгурэ.

♦1911 гъэм «Титаник» кхъухь абрагъуэр япэу псым техьащ. А зэманым дунейм щынэхъ ин дыдэу къальытэ кхъухьэр зэрагутIыщIым яфIэтельыджэу кIэлъыплъат цIыху мини 100-м щIигъу. Зы илъэс нэхъ дэмыкIыу, 1912 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м, и яп рейсыр щигъэзащIэм мыл абрагъуэм жьэхэуэри, Атлантикэ хъум щыщIилъэфауэ щытащ ар.

♦1918 гъэм Совет Урысейм ЦIыхубэм щIэныгъэ етыныжкIэ и комиссариатым унафэ къыщтащ щIалэ цIыкIуэхэмрэ хъыджэбз цIыкIуэхэмрэ зэгъусэу егъэджэным теухуауэ.

♦1942 гъэм дыхьэпIи дэкIыпIи имыIэу бийм къыухъуреихьа Ленинград къалэм футбол щызэдэджэгуащ «Динамо», «ЛМЗ» (Ленинград зыщIыкIыу дэт завод) командхэр.

♦1946 гъэм Лондон и Хитроу аэропортыр къызэIуахащ.

♦1961 гъэм хэIущIыIу ящIащ Инджылызым кIыхэкIыу Африкэ Ипщэ Республикэ щхьэхуит къызэрыпэхуам теухуа хьыбарыр.

♦2002 гъэм Япониемрэ Корее Ипщэмрэ къыщызэIуахащ дунейм футболымкIэ и 17-нэ чемпионатыр. Ар а къэралхэм я стадионхэм щекIуэкIащ накъыгъэм и 31 - мэкъуауэгъуэм и 30-хэм.

♦Совет тхакIуэ цIэрыIуэ, РСФСР-м гъуэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Лениным, Сталиным, СССР-м я Къэрал саугъэтхэр зыхуагъэфащэ. Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъжь **Леонов Леонид** къызэралъхуэр илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къулыкъущIэ, контр-адмирал **Тхьэгъапсэ Мэжид** къызэралъхуэр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ актёр, режиссёр цIэрыIуэ, «Оскар» саугъэтыр пIэнэфащэ зыхуагъэфащэ **Иствуд Клинт** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Актёр, кинорежиссёр, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист **Бурков Георгий** къызэралъхуэр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шэвлокъуэ Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щIыхь зиIэ и экономист, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIу щыта **Чеченов Аныар** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Уэрэджэ лакIуэ, композитор, УФ-м и цIыхубэ артист **Кузьмин Владимир** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Къарэнашэ Iэминат** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей уэрэджэ лакIуэ цIэрыIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Королёвэ Наташэ** (и цIэ-унэцIэ дыдэр **Порывай Натальещ**) и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр мазэхуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 1, мэрем

♦Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Адэ-анэм я дунейпсо махуэщ

♦ЩIэм и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и Ищхъэрэ флотым и махуэщ

♦ Правительственнэ связь Iэнатlэр къыщызэрагъэпэща (1931 гъэм) махуэщ

♦Австралиер къыщызэIуаха махуэщ

♦1806 гъэм архитектор Джакомо Кваренги Петербург уэхэн щыщIригъэзащэ щытыгъ Смольнэ институтым и унэр.

♦1862 гъэм США-м и цIыхэр щагъэпщылIыну зэрыхуимытым теухуа унафэ къыщыдэкIащ.

♦1892 гъэм Урысейм щыяпэу Киев электричествэкIэ зекIуэ трамвай щаутIыпщащ.

♦1921 гъэм «Кабардино-Балкарская правда» газетым и яп номерыр къыдэкIащ.

♦1924 гъэм «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэм я яп номерхэр къыдэкIащ.

♦Нэмыцэ физик, математик, бзэщIэныгъэлI, философ цIэрыIуэ **Лейбниц Готфрид** къызэралъхуэр илъэс 372-рэ ирокъу. Пётр Езанэм и лъэлукIэ абы зэхилъхьауэ щытащ егъэджэныгъэмрэ къэралэ зэхьэкIэмрэ зэрызрагъэужьыну щыщIкIэм теухуа проектэр.

♦Дипломат, генерал-фельдмаршал **Бестужев-Рюмин Алексей** къызэралъхуэр илъэс 325-рэ ирокъу. Пётр ипхъу Елизаветэ пащтыхь гуащэм и зэманым Урысейм и къэрал щIыб политикэр зыуэнтIу щытар ираш.

♦Композитор щэджащэ **Глинкэ Михаил** къызэралъхуэр илъэс 214-рэ ирокъу. 1833 гъэм абы ихта «Патриотическая песня» жыхуиIэ макъамэр Урысей Федерацэм и къэрал гимну щытащ 1991 - 2000 гъэхэм.

♦США-м щыщ, дуней псом щынэхъ цIэрыIуэ дыдэ киноактрисэхэм зафжэу щыта **Монро Мэрилин** (и цIэ-унэцIэ дыдэр **Нормэ Джин Мортенсонщ**) къызэралъхуэр илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм щыщ гъавэгъэкI цIэрыIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъжь **Еныкъуэ Исхьэкъ** къызэралъхуэр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Шортэн Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Симоновэ Евгение** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущIэ, Урысейм и Олимп комитетым и президенту щыта, УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщIым и яп куэдзэ **Жуков Александр** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Хоккеист, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Олимп джэгухэм тIэнейрэ я чемпион **Крутов Владимир** къызэралъхуэр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Израилым щыпсэу жылагъуэ лэжьакIуэ, Кфар-Камэ къуажэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Нэпсо Зэчрей** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 11 - 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● Лъэпкъ Iуэху

Мэздэгу Адыгэ Хасэм и лIэщIыгъуэ плIанэ

«Мэздэгу адыгэхэм я зэгухьэныгъэ» лъэпкъ-щэнхабзэ обществэр къызэрызэрагъэпэщрэ мы махуэхэм илъэс 25-рэ зэрырикъуэр Iэтауэ щагъэлъэпIащ Мэздэгу къалэм дэт ЩэнхабзэмкIэ Уардэунэм. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ зэгъусэу къызэрагъэпэща пшыхьыр гуимыхужу зэхашат.

МЭЗДЭГУ адыгэхэм я гурыфIыгъэмрэ дэрэжэгъуэмрэ гъуни нэзи имыIэу апхуэдэт. Осетинхэм яхэс ди лъэпкъэгъуэхэм КъБР-м и Iэтащхьэхэм къабгъэдэкIыу захуигъэзащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Къардэн Мурат**, Осетие Ищхъэрэ - Аланием лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и министр **Цуциев Аслъэн**, Мэздэгу районым и администрацэм и унафэщI **Гугиев Геннадий**, Курской район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Сидоренкэ Оксанэ**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфыщIэ Мухьэмэд**, Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ щэнхабзэ автономием и унафэщI **Уэхъутэ Александр**, Шэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Аслъэн Алий** сымэ, нэгъуэщIхэми.

Пшыхьыр ягъэдахащ «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ академическэ ансамблым, «Бзэрабзэ» гупым, уэрэджэ лакIуэхэу ЦокIыл Азэмэт, Хьэкъул Оксанэ, Хьэбытlэ Вячеслав, Дауров Эдуард, Секинаевэ Альбинэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Лъэпкъ Iуэщыгъэ:

Фlым фlы къыпокIуэри, Iейм Iей покIуэж.

Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ

ХЬЭТХЭР

Роман

ЯПЭ ІЫХЬЭ

Бжьыпэщіэ. Мывэтіалэ

Хы Курытымрэ тенджыз Фыцыцімрэ я зэхуаку дзкъыдэхэр лыгъуэшхуэр хэзыгъэщіэн къару зэи зыми ядмыгъасыфатэкъым. Арат зауэр зэи щіэмыувыіэр, Хьэт щыналъэм и пащтыхь уардзэкэ зэпымычу я хэкур щІахъуэмэфыр. Пъэныкъуипліымкі кІаухъуреихьами, унэмыплтъысу биидзэр бжьыгъэншэми, Тхьэхэм къахъумэ хуэдэт лъэпкъыжьым и псэр - сыт хуэдэ зауэми текІуэныгъэр я Іэрыльхэзу, я пщІэм хэхъуарэ я щхьэр Іэтауэ кІэкІуэлІэжьыр. Уеблэмэ, зэгуэр я бийуэ щытыгъахэр Іупэфіэгъу къащІыжьарэ, зэдамэгъу хъуауэ къыззэдгъуэгурыкІуэрт. Мыужьыхьыжхэр мысыр Фирхьэунхэрт. Хабзэ яхуэхъуа хуэдэт Фирхьэунымрэ и тетыгъуэ чэзыр къэса нэужь, Хьэт хъэралыгъуэм къебгъэрыкІуэнырт.

Дыгъэпс щабэм пэлыд сэреижьхэмрэ къалэ дыхьэпІэхэр яхъумэ хуэдэ къагъэуба мывэ асльэн абрагъуэхэмрэ апхуэдэ куэд ялъэгуат. ХьэкІэжьхъуэкІэхэм я пащтыхь джэдуушхуэр цІыхум и ІэрыщІу фІэщ щыгъуейт: апхуэдизкІэ лъагэт, уафэ лъащІэм лъэІэсу къыпщыхъурти. НтІэ, зэман жьжьэм псэуа пащтыхь гуэрхэм тхьэхэм тыгъэу къратауэ пІэрэт ахэр?! Зыми ищІэжьыркъым мывэ асльэныжьжьэр кьалэм и пльыру щагъэуба зэманыр.

Хьэтусэр - Хьэт къэралыгъуэм и къалащхьэр - апхуэдизкІэ зэщІэуэздат, мывэ блын лъагэкІэ къещІэкІати, уэгум кьеплъых бзур мыхьумэ, хуит къащІу дамыгъэхьауэ, зы цІыхум и лъэ зэи нихьэсыфынутэкъым. Пщыкъуэхэмрэ пщыпхъуэхэмрэ есэжат мыдрейхэм «Гъэрпіпіэу» къэлэтэ кьалэм, сыту жьпІэмэ, щхьэхуимытхэмрэ пщыпІхэмрэ елъытауэ, пащтыхь унагъуэм щалъхуахэм нэгъуэщІи яцІыхухэртэкъым. Абыи уесэжу жаІэрт... Есэжати пащтыхьим и щтэращтэхэр!

Кьалэ кІуэцІыр, тхьэхэм я псэупІэм ещхьу, дахэу, тыншу жаІэрт. Бззэрэхэм щхьныгъуэ зэмыпІэжьыгъуэхэр щІэзбгъахыу, бдзэжьейр уэру, Іэщыр пшэру, гъавэр бэву, щакъуэр мэ гуакІуэу, щэкІэр щхьуэкІэпльыкІэу, санэпльыр псыежэхыу...

ЗекІуэ хэсх Хьэт къэралыгъуэм къраша Іэрт щхьэхуимыт мин бжьыгъэр. Ауэ абыхэм лей кьатехьэртэкъым, атІэ пащтыхьым и ІэмышІэ ирагъэкІуэн, ІыІэ пшэр гъунэншэхэм телэжьыхьын кьалэныр яхьырт. Улажьэмэ - ушэхнущ. Абы и закъуэкъым, зиусхьэнхэм ухауэпэжмэ, уи къару ущымысхьмэ, умыдыгъуэмэ, лей зумыхьэмэ зыпІэтынущ, хэт ищІэрэ - зэгуэр щхьэхуит уащІыжьмрэ хэлъщ.

Хамэ щІыпІэ кьыкІахэм я адзжь щІынальэхэр ягу кьеуэу зэмыІэжьыгъэщІ щхьэбгъэкІым. Дауи, Хьэтейм щхьэпІыпІэпІи уКІыпІи щыІэтэкъым. ТезыркІэ зэфІэкІыпт кхуэнымэ и Іуэхур: къуэдышхуэ ирагъэтырт е лэжьыгъэ хьэлъэ гуэр хуагъэфащэрт. КъищынэмыщІауэ, тхьэунэм уи щхьэ епхьэлІамэ, сыт хуэдэ хъуаншагъэ умыщІами, уеблэмэ щыхуэ пІэщІэуКІами, пльщІэжьм ущдахьмуныгъ. Ауэ хабзэр. А хабзэм и телъхьэу и нэІэ тетт пащтыхь кІыжьмрэ, закъуэ, акъылыфІэ, Мывэтіалэ ЕтІуанэм.

А лІы телъыджэр и адэжь нэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм яхуэфэщэн пащтыхьу къыщІэкІаУэ, къэралыгъуэр бэлытІыншэу зэрихьарт. Гъащіэм нэгъуэщІ льагаПІэхэри къыхуигъэтІыгъуэрт абы, ауэ тхьэхэм ухащІа лъагъуэм сыткІэ и нэр нэпльысынт хэгупсысыхьауэ щхьэгъубжэм дэпльу, жьжьэ гъэрым щцыхэт пщынэхуэм?!

ЖаІэрт, Мывэтіалэ и щІалэгъуэм абы хуэдэ цІыху дахэ Хьэт къэралыгъуэм имысауэ. Абы шхын хущІэхьхьэнымэ, и пІэр Іэзыхыным, шэху уэздыгъэхэр зззьхьхьэкІыным щхьэкІэ зэныкъэкъуэт хьэрэмыш щІэс хьэджкъбзкэр. Дэтхэнэрэ хьуапсэрт пщым и къуэм зэ закъуэ хуКъуэпльыну, адрей пщащхэм Іурымэхыкі Ыу Іэзтэж дахагъэр зрагъэлъагъуну. Языхэзым гу льитэрэ жэщгъэуЫу къриджакъэ - абы нэхъыфІ тхьэхэм къыхуамышІауэ къыщыхьурт. Хьэт теплъэ иІэтэкъым Мывэтіалэ, дзэзэуну зигъэхьэзыру, зэи цІыхум ямылъэгъуа дзэшхуэ зэхуишэсауэ хъыбар щыІэщ... Арац дыгъуасэ си тІасхьэщІэхэм къыскъуахьар, - мэщатэ пщыр.

Гуащэр пащтыхьыр зэрыс тахьтэм потІысхьэри, щхьэгъуэсм и лъакъуэм зрешэкІ.

- Зиусхьэ, дэ ди щыпэкъым зауэр, ди япэ итахэри езэуащ Мысырым, ауэ, пІлагъурКъэ, дыкъыззэтенащ! Дызэрыкъэралыгъуэщ! Илъэс мин хуэдизрыгъунэгъуэ къыдэкІуэлІэфырКъым, сыт ямыщІэми. ИтІанэ...

- ИтІанэ, зауэм нэхъ нэхъ Іежьу сызыгъэгъзавэ Іуэхугъуэ щыІэщ, гуащэ, - пщым зэпеуд бзылъхугъэм и псальэр. - УощІэ ар, жьзмыІэми...

- СощІэ! - и щхьэр ирихьэхащ Гуащэлей.

- Сэ зауэм зыгуэр къыщыщІмэ, хэт си пащтыхьыгъэуэр къызыхуэнэнур?! Таж зэрихьэну хуитныгъэ зыбгъэзымыль си къуэшыра, хьэмэрэ пщІэм щхьэи зимыІэ, си щтэращтэм нэчхьыхьншэу къысхуихьуа си къуэ закъуэра? Фирхьэуныр шынагъуэтэкъым, нэгъуэщІ си гур зыкъузыр - си лъэужьыр къэралыгъуэм зэрыхуэхъуурщ, - и щхьэр ІитІкІэ ФІиубыдыкІри, ину щэтащ пащтыхьыр.

- Сыт пщІэн, тхьэхэм къуэ къыдалэсакъым. Хъыджэбзищ къыпхуэслъхуфауэ аращи, хабзэжьым тету, уи малъхъэ нэхъыжьым къыхуэнэн хуейуэ аращ пащтыхьыгъэр. Ауэ...

- Мис аращ, ауэ! Аращ псэхупІэ къыззэымытыр. Апхуэдэзу узыгъэгуауэщхьэуэр, зиусхьэн? Уэ зыгуэр уигу къоуэ... - пащтыхьым и нэм щтэІэщтабЛэу щІоплъэ Гуащэлей.

Мывэтіалэ щыму къыхуеплъэкІащ и щхьэгъусэм.

Илъэс плІыщым и ныбжьыр нэблагъаеи, Гуащэлей гуащэу щыІэм зэралейт. ЦІыхубзым и дамэхэм, толъкъун щабэм хуэдэу, тепхъа щхьэц фІыцІэ Іувым едэхэщІащ пащтыхьыр. Бостей ГъуатІэм гуащэ къамылыфэр нэхъ гуакІуэж щІэхъуКІырт. Пкъугъэм дэмыкІуэда мбг псыгъуэм ешэкІа бгырыпхым бгъэ лъагэхэр игъэІупщІт. Домбеякъым къыхэщІыкІа пщэрыдзэм гуащэм и пщэ кІыхь дахэр игъэбелджьыІуэ уригъэхъуапсэрт, укъитГэбырсейуэ узыІэпишэрт. Пащтыхьым и пащтыхь кІит бзылъхугъэр япэ дыдэ ильагъум хуэдэу, набдзэгубдзаплІэу зэпиплъыхьщ, пыгуфІыкІри, зэщІикъуэщ, и Іэплім иригъэкІуадэу. Зригъэзыхщ, гуащэм и дамэм Іупэр хуихьри:

- Абыхэм уегупсысурэ, гугъу зумыгъэхь, гуащэ, - жиІащ.

- Мывэтіалэ! Уэрэ сэрэ нобэкъым дыщІэзгъыцІыхуэр, ди бынхэр балигъ хъужащ, гуфІэгъуэ зыщхъеягъуи дизщ... Сэ сощІэ, уэ зыгуэр къыщоныкъуэкъым, гупсысэ дыджэхэм уи гур щахуэзым деж, мис мыпхуэдэу хуоплъэ. Іуэхур хэпльэгъуэмэ, ар псоми къытпльэІэсынущ, - гуащэм и нэгур кьызэІуоуэри, щхьэгъусэм жиІэнум поплъэ.

Мывэтіалэ и щхьэр зэи ирихьэхьыртэкъым, гуащэм иджы япэ дыдэ ильэгъуат щхьэгъусэм и щхьэр къыфІэжуауэ. ЦІыхубзым зыхищІэрт шынагъуэ гуэр къызэрыхьуар.

Пащтыхьыр тахьтэм щещэтэхати, щымт.

- Тхьэхэр узогъэлъэу, Мывэтіалэ, къахьуар къызжеІэ! - къоГуэзвапэ гуащэр.

- Мысыр фирхьэуныр къыдэхуэну зигъэхьэзыру, зэи цІыхум ямылъэгъуа дзэшхуэ зэхуишэсауэ хъыбар щыІэщ... Арац дыгъуасэ си тІасхьэщІэхэм къыскъуахьар, - мэщатэ пщыр.

Гуащэр пащтыхьыр зэрыс тахьтэм потІысхьэри, щхьэгъусэм и лъакъуэм зрешэкІ.

- Зиусхьэн, дэ ди щыпэкъым зауэр, ди япэ итахэри езэуащ Мысырым, ауэ, пІлагъурКъэ, дыкъыззэтенащ! Дызэрыкъэралыгъуэщ! Илъэс мин хуэдэу г

Зэпымыцэ Къэбар
Махуэку
Нанэ Къалэрэ Жыжьэрыпсы Гъэзет

● Къулыкъущіэхэр

Нэхъ балигъ мэхъу

Премьер-министр Медведев Дмитрий иджыблагъэ хэлъущіыіу ищіащ правительствэщіэм хэтынухэр.

ИПЭ ИТА кабинетым щыща куэдыр я къулыкъухэм къызэрытенэжар гъэщІэгъуэн ящыхъуакъым, ауэ зыпэмыплъахэр, уеблэмэ, щІагъуэу ямыцыхухэр зэрыхагъэхьар телъыджэщ. А лъэбакъуэр тэмэмуи къыщІэкІынущ: правительствэщІэм «жьихэри» «щІэхэри» бжыгъэкІэ щІагъуэу щызэщхьэщыкІыркъым.

Политикэ информацэмкІэ центрым и Іэтащхьэ Мухин Алексей кьелъытэ ар ипэкІэ зэуэ зитчыным теухуа Іэхэхуэмкіэ щІэгъэкъуэныфІу. Министрхэмрэ вице-премьерхэмрэ я пщэ къыдэхуэ къалэнхэр зыхуэдэр жаІащ. Апхуэдэу къыхэгъэщын хуейщ министрхэм ящыщ куэдыр Президентым и администрацэм егъэщІылІа Іэнатіэхэм къызэрыхашар. Абы халъагъуэ Путин правительствэм и лэжьыгъэм нэхъ ткІийуэ и нэІэ тригъэтІыну зэримурадыр. Мыри зыпэмыплъащ: апэ вице-премьеру ягъэуващ икІи финансхэмкІэ министру лэжьэнущ Силуанов Антон. НаІуэу зэрыщытщи, ар Медведев Дмитрий куэд щІауэ и ныкъуэкъуэгъу Кудрин Алексей пэгъунэгъу цІыхуэ. Пэжу апэІуэкІэ Путин Владимир а тІур зригъэкІужащ.

НэщэнэфІщ зэуэ губернатор щІалищ Унэ хужьым къызэрыщІэхутар. Дауи, хъарзынэщ ахэр щыналъхэр зыхуей-зыхуэфІхэм кууэ зэрыщыгъуаз эр. Нэхъыщхьэр ищхьэкІэ щыІэхэмрэ ищІагъым щІэтхэмрэ ятещІыхьа зэхэгъэжыр зэрыкІуэдыжырщ. Иджы ищІагъ щІэтхэр ищхьэкІэ дэкІуеифынущ я лэжьыгъэм ехъулІэмэ, я щІыналъхэм зрагъэужьыфмэ.

Министрхэм я кабинетым хэтхэм ику иту я ныбжьыр илъэс 51-рэ мэхъу. 2012 гъэм и накъыгъэм а бжыгъэр илъэс 47-м щІигъуртэкъым.

● Китай - Къыргызыз

Апхуэдэурэ екІуэкІмэ...

Куэд тражыыхьащ Китай абрагъуэм Приморьери. Къуэкіпіэ Жыжьэм и адрей щІыналъэхэри къызэригъэІурыщІэм. Зэманыр макІуэ, КНР-м и цІыхухэр ди деж къэпІащІэркъым. Сыт щхьэкІэ? Щхьэусыгъуэр къызэрыгъэкІыщ: мыбы зыщыбуку эдиину тынш-къым - щІым бэвагъашхуэ къыщІимыгъэсэбэпыр. Абы щыгъуэми Африкэм китай мелуаным щІигъу къыщІыхутакІэщ, я Іуэхуи щыдокІ.

АРДЫДЭР яхужьпІэ хъунущ СССР-м хьхьэу щыта Азие Курытым и къэралхэми - абыхэм я лъэр ягъэбыдэ, Урысейм и Іэхэр зэтедзауэ щысхьу.

Журналист цІэрыІуэ Зотов Георгий иджы дыдэ Къыргызым щыІащ икІи илъэгъуэхэр телъыджэ щыхъуащ. КНР-м и цІыхухэр мыбы мин 200 щІэзэрыгъэхъуащ (езым щыпсэуэр мелуаник къудейщ). КъуэкІыпІэмкІэ щыхъунэгъу лъэщым. Мыбы щІэуэхуэ фабрикэхэмрэ заводхэмрэ, гъуэгуэхэмрэ лъэмыжхэмрэ, кьиргЪэпэхъуэ мэкъумэшыщІэхэм кредит пудхэр кьарет.

Бишкек и аэропортым зэуэ уи нэхэм къыщыщІоуэ иероглиф тхыгъэхэр, китайм щащІа таксихэр, автобусхэр. Китай шхыныгъуэхэр щагъэхьэзыр ресторанхэр дзнэ щыпІи кьыщызэІуахащ. 2016 гъэм КНР-р Къыргызым и сатущІэгъу нэхъыщхьэ хъуащ, Урысейр кьыІуигъэкІуэтри. Иджы а къэрал цІыкІум хьэпшыну, ерыскъыхэкІыу кьашэм и процент 25,8-р Пекин ейщ. «Сэ кьыщцохъу ди къэралыр эхІуэдэжыну, - жеІэ нэщхьейуэ хьэрыфэтыщІэ Туменой Ойбек. - Китайм дызэщІешэ икІи дэ, езыхэм гулъыдмытэурэ, китай дохъу». ГурыІуэгъуэ дэ китай кафем дызэрыщызэпсалъэр.

Бишкек и Оли бззэрым тыншу къыщыпщэхуфынущ нащэ Іэфынышхэр, пластмассэхэм къыхащыкІа хуэдэ бжьыныхухэр, зи фэр пхуэмыгъэзыщкІуу Іув мыІэрысэхэр. Ахэр китай фермерхэм Къыргызым щагъэкІащ икІи КНР-м ирагъашэркъым. ЦІыхухэм ящхьу - пудыбзэщ. ЩІыр бэджэнду къеІыезыха хьэщІэхэр куэд хъу хуэдэкъым, ауэ я бжьгъэр багъуэ зэпытщ. Абы ещхь фермерхэм зыщагубгъуу хуежьащ Таджикистаним. Бишкек сикІыу Оли сыщыкІуэм сэ гъуэгум асфальтыщІэ тезыІтхэз китай уухаГкІуэхэм сарихьэлІащ. Иужь илъэсым и закъуэ а къэралым къикІа цІыху мин 27-рэ мин 566-рэ Бишкекрэ республикэм и нэгъуэщІ къалэхэмрэ дэІтыысхащ. Ахэр нахуэу къакІуэхэрщ. ЩІэхуу гъунапкъэр къызэпызупщІхэр нэхъыбэжщ. Журналист Акимов Турат властхэр игъэкъуэншащ къэралыр Китайм зэрыращэмкІэ: «дзтхэнэ китаймы доллар мини 5-кІэ Къыргызым и паспорт хьищэхуфынущ. Къыргызыз бзыльхугъэ мин 30-м щІигъум китайхэм нэчыкъ нэпцІхэр хурагъэтхащ».

- Дэ Китайм и щІыхуэу ттельыр доллар мелардрэ мелуан 700-м щІигъуакІэщ. Ар нэгъуэщІ къэрал псоми кьеІытхэкм я процент 42-м нос, - жеІэ финансист Калдаров Руслан. - Абы щыгъуэми а ахъщэр хьэлэлыгъэкІэ кьыдатыркъым. ЩхьэщыттыкІын хуей процентхэр мащІэщ, арщхьэкІэ тКІийуэ кьытхуагъэув: гъэгугъэр, псэуальэшхуэхэр зыхуэхунэр китайхэм я закъуэщ, улахуэшхуи иратын хуейщ. Абы ди цІыху кьыззэрыгъэкІэр зэгуегъэп: кьыргызыз мин 700-м щІигъу Урысейрэ такисисту, тыкуэнэшхуэхэм я кассиру, Іэнэзеехьэху, уеблэмэ, мис а уухаГкІэ дыдэхэм хуэдэу щолажьэ, дэ нэгъуэщІ къэралхэм щыщхэр кьыдогъэблагъэ. Ди цІыхуэхр лъы пщтырщ, кхъэхунур пщІэнукъым. 2010 гъэм президент Бакиевыр щытрадзам псалъэмакъ кьаІуат китай унагьуэхэмрэ тыкуэнэшхэмрэ яхьунщІэну. КНР-м занщІэу ди гъунапкъэхэм дзэхэр кьыІуигъэуващ «зыгуэр кхъэлымэ, езым и цІыхуэхэм кьыщхьэщыжьын папщІэ». Апхуэдэ политикэ дуней псом щокІуэкІ: Джибути африкэ къэралым щІыхуэр Китайм щриТьжкІэ щхьэщытыкІыну процентыр нэхъыбэщ езым и ВВП-м нэхъра. Дэ иужь дыдэу кьытхуэнэжар Урысейм дыщыгугъыныр щ.

Урысейми жэуап иритын хуейщ мы упщІэм: ар хьэщыр СССР-м щыща, иджыри кьэс урысыбзэкІэ щыпсалъэ, урыс щэнхабзэр щыщІыкІыну процентыр нэхъыбэщ езым и ВВП-м нэхъра. Дэ иужь дыдэу кьытхуэнэжар Урысейм дыщыгугъыныр щ.

Урысейми жэуап иритын хуейщ мы упщІэм: ар хьэщыр СССР-м щыща, иджыри кьэс урысыбзэкІэ щыпсалъэ, урыс щэнхабзэр щыщІыкІыну процентыр нэхъыбэщ езым и ВВП-м нэхъра. Дэ иужь дыдэу кьытхуэнэжар Урысейм дыщыгугъыныр щ.

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ къыщыззрагъэпэщащ «АкъылыфІэхэр КъБКъУ-м щызэІуощІэ» джэгу-зэпеуэр. Абы и жэрдэмщІакІуэщ КъБР-м и курыт школхэм я 10-нэ классхэм щІэсхэр еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэтІысхьэным хуэзыгъэхьэзыру университетым и къудамэм и Іэщ1агъэлІхэр.

НАЛШЫК, Бахъсэн къалэхэм, Бахъсэн, Тэрч, Прохладнэ, Аруан, Май, Лэскэн щыналъхэм къикІа гупи 9-р, апхуэдэу КъБКъУ-м и Школ академие цІыкІум и гъэсэнхэр жьыджэру хэтащ зэпеуэ хьэпэмэтым. Ар ещІэгъэкІуэкІым и упщІэ зэмылІэужьыгъуэхэм жэуап тэмэм занщІэу иратын хуейт зэхьэзэхуэм хэтхэм. УпщІэхэр ятеухуат лъэпкъ тхыдэми, щэнхабзэми, гъауэдэжьми, ныбжьыщІэхэр дзэзыхьэ нэгъуэщІ унэтІныныгъэхэми.

Іыхьэ зыбжанэу зэщхьэщыхьэу зэкІуэкІа джэгу-зэпеуэм щытекІуауэ Налшык щыщ ныбжьыщІэхэр. Абыхэм хуагъэфэщащ Іуащхьэмахуэ мы гъэм щыІэну «Августёнок» гъэмахуэ школым и лэжьыгъэм хэтыну хуит зэращІам щыхьэт техьуэ сертификатыр.

Іуэхур кьыззэгъэпэща Іэнатіэм и унафэщІ КІэрашэ Оксанэ хьэщІэхэм зыщыхуигъаззм, кьыхигъэщащ ныбжьыщІэхэм щІэныгъэ куу зэрабгъэдэлъыр зэригуапэр. Абы фІыщІэ хуищІащ проектыр гъащІэм зэхэщэныкІэ сэбэп кьыхуэхъуахэу щІыналъхэм я гъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэхэм я унафэщІэхэм, егъэджакІуэхэм, КъБКъУ-м и Студентхэм я зэгугъэныгъэм и пашэм, джагу-зэпеуэр кьызыхутыншыгъэ кІыкІэ Къалэбэч Ибрэхьим сымэ, нэгъуэщІэхэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Зэпеуэхэр

АкъылыфІэхэр утыку йохьэ



● Псэлъапіэ

ЖаІэ пэтми

Къэралым кьыщыдэкІ газетхэм илъэс зыбжанэ хьуауэ щІэх-щІэхьурэ традзэ Урысейм и ахъшэр тхьылымпІэ лъапІэхэр кьащхьуІэрэ США-м Лъэпкъ кулеигъэмкІэ и фондым (ФНБ) зэрыхалъхьэр ямыдэу. Журналистхэми Іэщ1агъэлІхэми зыжьэу жаІэ ар кьызэремызэгъыр.

АРЩХЬЭКІЭ Финанхэмкіэ министерствэмрэ Банк Нэхъыщхьэмрэ зытеува гъуэгум мыкІтекІын ядэркъым. Иджыблагъэ а фондым игъакІуэ ахъшэм уеблэмэ, доллар мелярди 2,3-кІэ хигъахьауэ. Мис а иужьрей лъэбакъуэр арауэ кьыщІэкІынущ депутатхэр кьэзыгъэгубжьар: Къэрал Думэм кьыщыхалъхьащ ди мылъкур ФНБ-м и тхьылъымпІэхэм халъхьэну хуит зымыщІ хабзэгъэуцІ проект. Хэт захуэр?

Мыхьэнэшхуэ зиІэ экономикэмкІэ институтым и унафэщІ **Исаев Никитэ** кьызэрильытэмкІэ, УФ-м а фондым и мызакъуэу, США-м и нэгъуэщІ Іэнатіэхэм щыІкъуэ проценткІэ ярет. Псори зэхэту ар доллар мелард 96,1-м нэсащ.

Пэжу, къэрал щІыхуэу доллар триллион 21-рэ зытелъ Штат Зэгуэтхэм я джекІэ ар жьгъейщ. Араущи, къэІытхъжми гуэзвэнукъым. Ди джекІи ар бэлъхьышхуэу щыткъым. Арщхьэкіэ зым адрейр къакІэлъыкІуэу американхэм санкцэхэр кьыщытхуагъэув зэманым а ди ахъшэр тфІэкІуэдынкІэ шынагъущ. США-м доллар мелард 91-р - сом триллиони 6-р - кьыдимытыжьинкІэ хъунущ абы дунейпсо шынагъуэншагъэр кьызэпиудынкІэ щхьэусыгъуэ ищІу. ИтІанэ уеэзуэну?

АтІэ, сыт ар кьымыльытэу Банк Нэхъыщхьэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм ахъшэ щІритыр? ЖытІэфынур зыщ: абы кьридзэркъым къэрал кІуэцІ экономикэри, политикэри. Пэжу, зи гугъу тщІы тхьылъымпІэ лъапІэхэр гугъуехьышхуэ хэмылъу пщэж хъунухэм хуэдэщ.

Лейуэ къащІэпхыну процент мащІэми хэхъуэ гуэр кьытхуехь. Апхуэдэ дыдэу нэгъуэщІ къэралхэми, псалъэм и хьэтыркІэ, КНР-м, европэ къэралхэм, щыхуэ ират ФНБ-м. Ауэ абыхэм ящыщ ятІонерэ езыхэм я деж кьыщамыгъэсэбэп, нэгъуэщІу жьпІэмэ, лей кьэхъуа ахъшэрщ. Дэтхэнэ сомри щызэпэлъыта Урысейм ар зрихьэлІэн и гъунэжщ. Дэ докІий «Ди экономикэм инвестицэхэр кьыхэфІхьэ!» жыдоІэри, ауэ езыхэр ди мылъкум ироджэгу. ФинанхэмкІэ министерствэм псом япэу ахъшэр зыхуиутІыпщын хуейр ди къэралым и экономикэр зэкІэтынырщ. ИтІанэ абы къиратыну хэхъуэр куэдкІэ нэхъыбэнущ американ процентри 2-м нэхъра.

АрщхьэкІэ правительствэм нэхъ кьещтэ ахъшэ зэхуихьэсмэ. Сыт зэрищІынур кьимыгъэсэбэпынуми? Экономикэр зэхэщІэжа иужькІэ абы зыри хуеижьнукъым...

● Мэжэр

Будапешт Европэм и къалэ нэхъ дахэ дыдэхэм щыщущ. Мэжэр и щы-хьэрыр нэхъри узыІэпызышэ ещІ лъэмыж хъарым. 1849 гъэм Дунай псым тралъхьа лъэмыжым Будэрэ Пештрэ зэпищІащ. ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и зэманым лъэмыжкІыр якъуэтауэ щытащ, ауэ иужькІэ нэхъ екІужу зэфІагъэувэжащ.

ПлІанэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Уасэхэр

ІэубыдыпІэншэу икІи псынщІэ дыдэу

Бензин игъэхъуапІэхэм уасэхэр щІэрыщІэу щатхьыж тхьэмахуэ зэхуаку къэс. Аи-95 бензинымрэ дизель гъэсыныпхъэмрэ псом хэмыдэу нэхъ лъапІэ щыхъуар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округрщ. Сыт щхьэкІэ? А упщІэм жэуап иритыну хущІокъуу «Аргументы и факты» газетым и лэжьакІуэ Болотниковэ Светланэ.

Хьэрэми яшх

Ставропольстатым кьызэритамкІэ, мэлыжьыхьым бензиным и уасэм крайм зы проценткІэ зыщІэтащ. Накьыгъэсэ зыщІыпІа гуфІэгъуэ махуипЛым ар агъуэгу кІэпІейкІэ 40-кІэ дэкІуеящ.

«Дунейм щІыдагъэр нэхъ лъапІэ щохъу икІи «дыщэ фІыцІэр» кьыщІэзышэм я дежкІэ нэхъ фейдэщ ар цІынэу нэгъуэщІ къэралхэм иращэныр,- Іуэхур щІытыр щхьэусыгъуэ Іэщ1агъэлІ Солодков Юрий:

- Абы кьыдэкІуэу езым и Іыхьэ иІыгъщ зэманыр щхьэщэмэ. Пэжу, блэкІа илъэсхэм накьыгъэмрэ мэкъуэгъуэмрэ уасэхэр еху4ныгъэ екІуэкІащ. Ауэ мы гъэм зэрыдзуейр налог политикэм зэрыпыщІар мащІэщ икІи бадзэуэгъуэм и 1-м зэрыхигъахъуэнум ижь уасэхэм апхуэдэу зыхэпщІу ях1ащІихунукъым».

Бензиным ахъшэшхуэ щІыдот, арщхьэкІэ дрикъуекъым. Хабзэхъумэхэм зыри жаІэрэхьм бензин игъэхъуапІэхэм гъэсныпхъэм и процент 7-р зыкІэщІапщІэну Іэмал езыт вирус кьэзыгупсыса ставропольэ хакерым егъэщІылІа уголовнэ Іуэхум теухуауэ. ЯгъэтІысса хуэдэуи ягъэхьыбар, ауэ ирихьэжьа Іуэхур псэущ. Ар езым ищхьэкІэ игъэнэхуащ Ставропольем и Жылагъуэ палатэм хэт Гуринов Андрей.

«Сэ си бакым ихуэм нэхърэ проценти 10-кІэ нэхъыбэ бензин кьыхэхурагъэхьуащ. Операторым ар кьызыхэкІамкІэ сеупщІащ, ауэ жэуап кьыпысхьфакъым. Іэмэпсымэр тэмэму лажьэмэ срагъэпІакъым. Сурэт тесхыуи, ди псалъэмакъыр стхыуи кьыСхуадакъым,» - кьИуэтэжащ абы.

ФІашха ахъшэри кьратыжакъым. Ауэ Гуриновым а щІыпІэм афІэкІа бензин щригъэхъуэжьнукъым...

Апхуэдэу тхьэусыхэхэр куэдщ. Хьэпшыпхэмэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ кьэзыгъэсэбэпхэм я хуитыныгъэхэм кьыщхьэщыжьынымкІэ край жылагъуэ зэгугъэныгъэм и унафэщІ Сароян Лейла абыхэм чэнджэщ ярет пщалъэхэр кьрагъэпщытэу, иужькІэ тхьэусыхафэр компаниеи и интернет-сайтым иралъхьну, мыхъужьыхэмэ, прокуратурэм кІуэну. «Дэтхэнэми езым и кьалэныр игъэзащІэмэ, кьэпщытакІуэхэр бензин игъэхъуапІэхэм нэхъыбэрэ Іукъэнущ икІи ахэр жэуапым ираугъэлІэнущ. ИкІэм-икІэжьым ар сэбэп хъун хуейщ», - жеІэ абы.

ФІагъыр-щэ?

Росстандартым кьызэрильытэмкІэ, ящэ автомобиль бензиным и процентти 10-р зэІыхьэуэ кьыщІэкІынкІэ хъунущ. Моторыр бауэ-бапщэу фІэкІа щымылажьэ е щыункІыфІыпи кьохьу.

Зи автомашинэм гъэсныпхъэ мыхьэнэншэ кьратъэхьуауэ кьэзыльытэм ятпэщІыкІэ езы станцым зыхуиГъэзэн хуейщ. ИужькІэ техникэм и щытыкІэм кІэлъыплъ Іуэхущ1апІэм тхьылъ кьритынущ кьратъэхьуа бензиным и зэранкІэ моторым дерт зэригъуэтар икІи абы нэщІэбжьэ кьыхэкІыфыну зэрыщытам щыхьэт техьуэ тхьылъ. ИтІанэ къэпщытакІуэхэм захуигъаз хъунущ.

● Футбол

Пашэныгъэр яхуэзэрыгъэгъуэтыркъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и мыгъэрей чемпионатыр хуабжьу хьэлэмэтщ. Зэхьэзэхуэм хэтхэр я нэхьыбэм джагугъуэм-пщІ пщыкІуэ ирагъэкІуэкІа пэтми, бжьыпэр и закъуэу зыми зэкІэ зыІэригъэхьэфыркъым.

УНИВЕРСИТЕТ джэгухэм я футболист зыбжанэ зэрыхэтым кьыхэкІыу республикэ зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэм зыкъом зэрыщыбла-гъэкІар бахъсэндэсэм ирагъэкъужащ икІи турнир таблицэм и щхьэм кьыщыхутащ, иджы зэІущІэ нэхъыбэ зэрыпрагъэкІуэкІам икІи топ куэд зэрыдагъэкІам и фІыгъэкІэ. ЖыпІэну иригъэкъущ, «Автозапчасть»-м и футболистхэр ику иту джэгуГуэ кьэс пліЗрэ ныкъуэрэ я къызэрыщыхэжаныкІыр. Псом хуэмыдэу абыхэм лей трагъэхьащ Арщыдан и «Бедик»-м: топ щыпкІуэ (!) худагъэкІри, иджыблагъэ яутІыпщыжащ.

Республикэм и чемпионым зыкъыкІэзэрагъэхъуркъым «Налшыкымрэ» «Ислъэмейм»рэ». Уеблэмэ, очко бжыгъэу яфІэкІуэдахэр кьэпІытэмэ, ислъэмейдзэхэм зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щаГыгъщ. Ахэр «Автозапчасть»-м кьэпикІуэтакъым иужьу Бахъсэн щыІэщІащам.

Япэ уВыпІэм пэжьжьэкъым «Союз»-ри. Сэрмакъдэсхэр сыт щыгъуи зэрыльэщыр кьэпІытэмэ, зэпеуэр нэхъ гуащІэжь хъунущ.

ПэщІэдзэ зэІущІэхэм щІегъэжьауэ зэхьэзэхуэм кьыщыкІэрыху командищэ кьыхэбеледжылыкІащ. Зэрыгъэфащэ хъунумкІэ, Къэхъун и «Керт»-р, Арщыдан и «Бедик»-р, Шэрджэм и «Шэрджэсыр» езыр-езыру зэпеуэжынущ, хэт япэ иту гуп нэхъыщхьэм кьыхэкІынуми зэхагъэкІыну. Абы кьыхэзыхьну епщыкІущанэ увыпІэм ахэр нэхъ мащІэ дыдэу иджыпсту очкоитхэкІэ пэжьыжьащ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ ШащІэ Беслъэн. Нэхъапэм къахьундэсхэм щахэтами хуэдэу, топ дэгъэкІыным ар «Малка»-ми щыхуэзэщ. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщІидзэрэ ШащІэр пщыкІутІрэ кьыхэжаныкІащ. АрщхьэкІэ гъунэгу дыдэу абы кьыкІэлъоІэ нэгъуэщІ командзэхэм я футболист зыбжанэ.

АдэкІэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и иужьрей зэІущІэхэм кьарикІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: *ебгъуанэ джэгуГуэ* - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **8:2**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Нарт**» (Нарткъа-лэ) - **2:1**, «**Налшык**» (Налшык) - «**Бедик**» (Арщыдан) - **2:0**, «**Ислъэмей**»(Ислъэмей) - «**Нартан**» (Нартан) - **2:0**, «**Къундетей**» (Шэджэм) - «**ХьэтІохъущыкъуей**» (ХьэтІохъущыкъуей) - **1:2**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Союз**» (Сэрмакъ) - **2:4**, «**Псыкуэд**» (Псыкуэд) - «**Керт**» (Къэхъун) - **4:1**, «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **0:2**; *ешІанэ джэгуГуэ* - «**ЛогоВАЗ**» - «**Тэрч**» - **0:2**, «**Бедик**» - «**Малка**» - **3:5**, **Къундетей**» - «**Родник**» - **5:2**, «**Автозапчасть**» - «**Ислъэмей**» - **0:0**, «**Керт**» - «**Шэрджэс**» - **2:1**, «**Союз**» - **Псыкуэд**» - **6:4**, «**Нарт**» - «**Налшык**» - **1:2**, «**Нартан**» - «**ХьэтІохъущыкъуей**» - **3:3**.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатыр зэпагъэуващ. Абы и кьыкІэлъыкІуэ джэгуГуэр щыщІынэр мэкъуэгъуэм (июным) и 16-рщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2018 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	11	8	1	1	48-9	28
2. «Налшык»	10	8	1	1	24-10	25
3. «Ислъэмей»	9	7	2	0	26-8	23
4. «Союз»	11	6	3	2	35-27	21
5. «Родник»	11	5	2	4	24-22	17
6. «ХьэтІохъущыкъуей»	11	5	2	4	23-25	17
7. «Тэрч»	10	5	1	5	16-15	16
8. «Нартан»	11	5	1	5	14-22	16
9. «ЛогоВАЗ»	10	5	1	4	22-25	16
10. «Малка»	10	5	1	4	30-24	16
11. «Псыкуэд»	10	3	1	6	28-33	10
12. «Къундетей»	10	3	1	6	19-26	10
13. «Нарт»	10	2	3	5	15-23	9
14. «Керт»	10	1	1	8	19-26	4
15. «Бедик»	9	1	1	7	14-33	4
16. «Шэрджэс»	11	1	0	10	6-26	3

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Элэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжькъарэ Алик, ЩхьэщэмыцІ Изэ.

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтеухуу зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъэзащ и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня**, *редактору* **ЖылаСэ Заурбэч**, *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** (3, 5, 6-нэ нап.), **Инэрокъуэ Азэмат** (1, 2, 4-нэ нап.). *Компьютерхэр газетым и тепІэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.049 ● Заказ №539